# Сценарий мероприятия к 100 - летию Расула Гамзатова.

**Цель:** Познакомить с жизнью и творчеством Р. Гамзатова, показать многообразие таланта поэта, воспитывать у детей чувство патриотизма и любви к своей Родине.

**План мероприятия.**

1. Выступление; Педагога о творчестве Расула Гамзатова (презентация).
2. Литературный диалог между детьми и педагогом.
3. Автобиография Расула Гамзатова (2-е дет).
4. Чтение стихов о Расуле Гамзатове (дети).
5.(Хор Дагестан).
6.(хор)
7. Национальный танец девочек.
8. Сценка «Ложь» (Случай из жизни Р.Гамзатова, который он усвоил
9. Выступление мальчика с песняй
на всю жизнь).
9. Танец девочек «Журавли» под песню Р. Гамзатова «Журавли».
10. Выступление муз. рук. (на выбор).
11.Нац танец мальчиков.
12. Танец мальчика и девочки.
13. Гимн Дагестана. (Дети)
14.Завершающий стих педагога.
15.Слово гостям, заведующей.

## <u>1 Презентация</u>

<u>1ч.</u>Вед:

К1удияв шаг1ирасул шиг1рабазул бицине
Нижер ясли ахалда тадбир рагьулеб буго.
Бач1анщинаб соналъ адабги ц1унун
Гьабула нижеца шаг1ирасул къо.
Халкъазул рак1азулъ ч1аго хут1арал
Хвел гьеч1ел асарал рехсела жакъа.
Воре хвезе тоге рахьдал мац1илан
Расулил аманат т1убазе гьабун
Роц1араб гьумергун, рагьараб рак1гун
К1алъалей йиго дун маг1арул мац1алъ.

Асаламу г!алейкум,дир хириял гьит1ичал ва х1урматиял гьалбал!
Изну кье, к1удияв шаг1ир, нилъер районцояв, нилъер ч1ух1и –Расул Х1амзатов гьавуралдаса 100 сон т1убаялде гьабуллеб тадбир рагьараблъун рик1к1ине.

2ч. С Мух!аммад - Мун щив ?
Р - Расул Х1амзатов.
В - Мун киса?
Р - Ц1ада росулъ.
В - Дур миллат щиб?
Р - Аварав.
В - Дур пиша щиб?
Р - Халкъияв шаг1ир.

**3ч.**

**Халкъияв шагширасул г1умруялъул нилъее бицина (С.Мух!амадицаги. Г.Суайбатицаги).**

**С. Мух!аммад.**

Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул Х1амзатов гьавуна 1923 соналъул 8 сентябралда Хунзахъ районалъул Ц1ада росулъ, машгьурав шаг1ир Х1амзатил хъизамалда. Эбелалда ц1ар бук1ана Хъандулай. Гьел к1иялго рук1ана ц1акъ г1адамал хириял, махсара хоч1 бокьулел, рак1бац1ц1адал маг1арулал. Эбел-инсул хасият-г1амал васасул чорхольги, бидульги, рек1ельги бессич1ого хут1ич1о.

**Г. Суайбат.**

Жиндирго г1умруялъул аслияб мурад Расулица баян гьабуна коч1ол ункъо мухъалдалъун: Рорхатал ц1вабзазде сухъмахъал гьарун,
Гьенире ракетал роржаян абе.
Бищун т1адег1анал, г1агарал ц1ваби-
Г1адамазухъе щвей буго дир мурад.

**4.Стихи детей**

Баркала лъимал, нилъеда жеги лъик1 лъана Расулил г1умруялъул. Расулие г1адамалго г1адин г1адамазе гьевги хирияв вук1ана.рач1аха нилъеца гьесде цогидаз гьаруралги, гьесулги куч1дул рик1к1инин

Абдул-бов М-мед

«Т!олго дунялалда Дагъистан лъана
Расулил шиг!рабаз ,гьесул каламалъ
Кибехунго дур ц!ар Дагъистанилан
Лъаразул чвахиялъ, г!ораз ах1ана».

Абд-ва М-ям

Гьале Ц!адайилан ц!ар жинда тараб
Ц!Адаса Х!амзатил сариназ ккураб
Инсул ирс босарав Расулил т!алъи
Т1олго дунялалда ц!ар араб росу.

Гаджиева А-ят

Гьале дол кьураби,берцинал мегъал
Маг!арул мац!алъул "мах1" жиндилъ бугел,
Ц!адагун Дагъистан машгьур гьабурав
Расулил куч!дузул к!удияб Ват!ан.

Гимбатова З-ма

Расулил куч!дуца куркьбал рижарал
Руго шаг!ирзаби Дагъистаналда.
Дунялъе ах!и рек1еца хъварал
Хъвадарухъабазул сси г!уна гьаниб.

Гусей-ва Марьям

Маг!арул мац!алъул бац!ц!алъи лъазе
Расулил куч!дузул рагьизин гьаб т1ехь
Т!алъиялде рокьи, ракьалде х!асрат
Х!амзатил Расулил куч!дуз бицуна.

Гусейнова С-бат

Х!амзатилян абуна
Эбеляль гьев гьавигун.
Поэтилян абуна
Улкаялъ гьев к!алъайгун.

Кур-дов Са-гид

Гьаб дур т!алъиялъул т!олго берцинлъи
Буго ц!акъ рекъараб бакъналъ ва куч1дулъ
Кинабго бечелъи -гьаб нилъер цолъи
Цоцахъе наслабаз байрахълъун кьолеб.

Махададев М-мед

Дихъе кеч! рещт!ана пикрабаз бачун,
Вач!ун к!алт!е щварав гьобол кинниги
Гьит!инав гьоболцин к!одо гьавулев
К!удияб рокьигун рек!ел т!индасан.

Мирз-гов М-мед

Дун ц!идасан гьанже поэт лъугьана.-
Гьит!инав вук!ана, нужеда лъала.
К!удияб ч!аголъи гьеч!онаниги,
Гьунар дилъ бук!ана рек!к!-макру гьеч!еб

Раджабова Хадижат

Кьурабазда гьоркьоб дир
Гьулак кIикIулеб буго, –
Гьороцайищ лъаларо,
Эбелалъищ лъаларо.

Сир-нов Маг-мед

Г!одов къулун къочула
Руччабазул кверазда
Анцабго килищалда,-
Макказул кваркьабазда;

Сул-гов А-кар

Дун гьавураб Дигъистан,
Картаялда- х!анч!ил т!инч!,
Х!асраталъул улка, мун
Щиб картаялда бушеб?

Сул-гов М-мед

Дун г!ураб ракь, дур г!урхъи
Г1ораз муг!руз бикьула,
Рокьул улка, дур г!орхъол
Г!аламат, т!абиг!ат щиб?

Изамудинова Хад-жат

Дие ирсалье кьураб
Инсул т!альи, мун даим
Цо-цо континенталда
Цо-цо керен цун буго.

**5ч. (Хор Дагестан)-----**

**6.Ч. (Хор)**

**7.ч. Сценка (Ложь).**

**ВЕД** Дие диван гьабе ц1алдохъабаца
Ц1адирабазда лъе дир г1унгут1аби
Амма дир васасул г1андул кьуризе
Г1айиб батанани, дицаго биччай
Дир Дагъистан т1ехьалдаса гьит1инабго бут1а бихьизабизе буго ясли-яхалъул х1алт1ухъабаз.

**8. Выступление мальчика с песняй**

**Гьанже кечI ахIизе изну кьезе бокьун буго нижер ясли-ахалъул гьитIичасе.**
**Мирзабегов Мух!аммадие**

**9.Ч Ведущая.**

Дур "ХъахIал къункъраби" гьаваялдасан
Гьаб дуниял къотIун руго къокъунел.
Къиматаб хазина халкъалъе тараб,
Хвеларо дуниял бугебгIан мехалъ.

Ясазул кьурди «Къункъраби»

**9ч. Выступление муз рук.**

**ВЕД** Нилъер тадбир бечед гьабизе раг1и кьолеб буго Султанбегов Чарание

**Презентация мама.**

**10.ч.Национальный танец детей.**

**ВЕД.** Бихьея т1ил кьея кьабизе дихъе
Кьурабазул лъимал нахъе- нахъе къай
Кьабе абе къали пуйзе те зурма
Свери г1ат1ид гьабе гьаб г1аламалъулшо

**11.ч.Танец мальчика и девочки.**

**Презентация про расула .**

**12ч. Танец мальчиков**

**13 ч. Гим Дагестана (хор детей**

Нилъер жакъасеб тадбир ахиралде щолеб буго. Расулица хъвана х1аталдаса ун г1емерал асарал, гьезда гьоркьоб бищун машгьуразул

цояблъун ккола дагъистаналъул гимн. Рач1аха нилъеца гьеб цадахъ ах1илин

**14. Вед Завершающий стих**

Ах!ана, ах!ила Расулил куч!дул,
Кинабго миллаталъ Дагъистаналда
Дунялалъе рекъел, рохел,бечелъи
Бук1аги мурадлъун щивасул рек!елъ.

**15.Слово гостям.**

**ВЕД** Гьалдалъун нилъер тадбир лъуг1ана, амма гьалбадерие раг1и кьеч1ого гьеб къани бит1ун бук1инароан.
Раг!и кьезе бокьун буго Хунзах Районалбул льай кьеяльул отделальул нух мальулей Пат!имат Х!адисовнаялье.
Гьединго раг!и кьезе бокьун буго Районалбул бет!ер Нурмух!аммад Махсуд Х!ажиевичасе.
Райольул информациягун методикияб кабинетальул х!алт!ухъан Асият Мух!амадовнаялье.
Ва гьединго раг!и кьезе бокьун бук!ана Уздалросдал Администрациялбул бет!ер Исаев Г!умарие.
Раг1и кьезе бокьун буго школальул нухмальулей Арайпанат Мух!амад Расуловнаялье.
**16. Слово Заведующей.**
**ВЕД** Гьединго раг1и кьезе бокьун буго ясли-ахалъул нухмалъулей Х!ажиева Мадина Мух!амадовнаялъ.
Нужеда хоркьо к!альазе бокьарал ратани нужее изну.
**Балагьаралъухъ ва г1енеккаралъухъ баркала . Къо-мех лъик1**